


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 45 (7185) 6 ноябрь Рузман 2015 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багъа 7 гъурущ


Экстремизм, терроризм: данделъи

## Парахатаб гIумроялъе гIоло



РДялъул «Безопасный Дагестан» приоритетнияб программа т1уба забиялъе тIоритIулел тадбирал гIумроялде рахъинариялъул мурадалда дагъал цереr1ан къоязда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда тIобитIана антитеррористическияб комиссиялъул заседание. Гьениб гIахьаллъи гьабуна комиссиялъул членаз гуребги районалъул прокуратураялъул, духовнияб управлениялъул вакилзабаз ва райадминистрациялъул хIалтIухъабаз. Заседание рагьана ва гьеб нухда бачана районалъул бетIерасул ишал тIуралев, антитеррористическияб комиссиялъул пред. ГI. НурмухIамадовас.

Данделъиялъул авалалдаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна антитеррористическияб комиссиялъул заседание тIобитIулеб бугин ахираб заманалда районалда ккарал лъугьабахъиназе къимат кьезелъун, районалда общественниябгун-политикияб ахIвал-хIал рукIалиде ккезабиялъул, хIинкъи гьечIолъи бук1инабиялъул мурадалда,-абун. Данделъиялде росулел аслиял суалал рук1ана: «Исполнительнияб власталъул ва бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул киналго структурабазул хIаракатчилъи хадубккунги борхизаби ва кутаклъизаби, гьелде данде ч1еялъул органазда такъсириял ишал риччангутIи, санazде рахинчIел лъималаз гьарулел гIадлу-низам хвезабиялъул бугеб ах1валхIалалъул хал гьаби, СМИязул ва диниял церехъабазул гьеб ишалъулъ жигарчилъи борхизаби»,-абурал. Районалъул бетIерас абуна: «Районалда гIемераб хIалтIи гьабулеб буго терроризм-экстремизм гьукъиялда хурхун, общественниябгун политикияб ахIвал-хIал рук1алиде ккезабиялъул мурадалда. Гьеб рахъалъ нилъер руго г1езег1ан лъикIал рахъал. Республикаялъул БетIерас нилъеда цебе масъала лъун буго районалда бугеб ахIвал-хIал хисизабизе. Гьелъул магIна ккола нилъеда сверухъ лъугьунеб бугебщиналъухъ щивав жаваб чилъигун валагьизе кколин,-абураб. Гьединлъидал киналго ахIулел руго жигараб, пайда кьолеб хIалтIи гIуцIизе. Нилъер хIаракатчилъиялъул хIасил букIин бихьизе буго цере чIарал масъалаби тIуразариял де цадахъ лъугьун, киналго цолъун, цого мурадгун рахъараб мехалъ»,-ян.

ТIагIинарурал НВФязул членазул ва гьезул кумекчагIазул хъизамазда жаниса экстремистлъиялъулаб идеология тIибитIизе тунгут1иялъе ва террористазул хIаракатчилъиялъулъе санazде рахинчIел цIаялде данде къеркьеялъе къуваталъулаз тIоритIарал цо-цо тадбираз г1ей гьабулеб гьеч1о.

(Ахир 4 гьумералда)

«Куначество» проект - гIумроялде

## Гьоболлъи-гьудуллъи щулалъиялъе

РайадминистрациялЪул бетIерасул зам. М. ХIасановалъул бетIерлъиялда Гъуниб районалда тIобитIулеб гьоболасул къоялда гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул делегациялъги. Дагъистаналда гьеб тIобитIулеб буго националияб политикаялъул министерствоялъул «Куначество» проекталда рекъон.

Къерхараб къо бугониги муниципалитетазул миллатазулал руссеназда тIибитIун буго праздникалъулаб ахIвал-хIал. ТIад босун буго гьеб магIарулазул тIармил, зурмил, къолол ва хъунсил бакъназ. Унел руго театралиял церерахъинал, киналго миллатазул халкъиял кучIдул ах1и . ЦIикIкIараб асар балагьаразе гьабуна Сергохъала районалъул руччабазул ансамблялъ хъунсида, Карабудахкент районалъул коллективалъ зурмида рачарал бакъназ.

Бокьараз хIалбихьизе бегьулаан батIи-батIиял миллатазул квенал, лъай-хъвай гьабизе рес букIана рукIа-рахъиналъул алатазулгун. Гьалбал гьираялда ралагьулел рукIана ансадерил, кубачиязул



махщелчагIазул тIагIалабазухъ.

Рохалилаб данделъи рагьана традиционнияб культураялъул Централда. Гьалбадерие ва жамагIатчагIазе салам кьуна националияб политикаялъул министр Татьяна Гамалеялъ. Гьелъ бихьизабуна «Куначество» проект кколин тIолгореспубликаялъулго проект, гьеб гIумроялде бахъинабиги жавабияб иш кколин ва гIадамаз гьелъул жигаралда рахъ кколеб бугин. Минист ралъ баркала загьир гьабуна Гъуниб администрациялъул бетIерасе гIуцIи бугеб хIалтIухъ. Гьединго цебесеб гьоболлъиги гьудуллъиги щула гьабиялъе, хъизаназулъ гьеб асар щулалъиялъе лъималазул гьоболлъи тIибитIизабизе кколин бихьизабуна гьелъ. Гьединго Т. Гамалеялъ тIадчIей гьабуна ноябралъул ахиралда, националияб политикаялъул Министерствалъ 25 сон тIубаялде МахIачхъалаялда «Гьудуллъиялъул рокъоб» букIине бугин «Куначество» проекталъул ахирисеб тадбир. Проекталда хурхун тIехь бахъизе ракIалда бугин гьеб суалалда рекъон бакIарараб материалалъул,-абун.

(Ахир 4 гьумералда)

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 45 (7185)*
*6 ноябрь 2015 сон*

2 гьумер

***2 ноябралда Шамильхъалаялда тIобитIана «2015 соналъул бачIин»,-абураб росдал магIишаталъул продуктабазул ярмарка. Гьенир гIахьаллъана районалъул киналго МУПал, фермерлъиялъул магIишатиял хозяйстваби ва жидерго бачIин бакIарарал гIадамал.***



## «Ахихъаналъе» подписка гьабизин

ХIурматиял газета цIалулел!

I сентябралдаса нахъе унеб буго 2016 соналъе Россиялъул, Дагъистаналъул ва районалъул печатниял изданиязе подписка гьаби. Гьеб гьабулеб буго районалъул «Ахихъан» газеталъеги.

Почтампталдасан бащдаб лъагIалие гьелъул багьа ккола 142 гъур. 32 коп. лъагIалиего 284 гъур. 64 коп. Редакциялдасан лъагIалиего подписка гьабула 100 гъурущалде.

ГIедегIил гьабе, хъвай нужедехун бищунго гIагараб «Ахихъан» газета!

«Ахихъаналъул» редколлегиялъ кIудияб хьул гьабулеб буго росабазул бутIрузде, учреждениял-организациязул нухмалъулездe 2016 соналъе подписка гьабиялъулъ гьез жигараб бутIа лъелилан.

## БахIарчи ракIалде щвезавиялъе




ЦIар рагIарав летчик-испитатель Амет-Хан-Султан гьавун 95 сон тIубаялъул хIурматалда тадбир тIобитIана Шамильхъалаялъул «Солнышко» ясли-ахикь. Гьев ккола КIудияб ВатIанияб рагъул к1иц1улго бахIарчи. Жиндирго тIоцебесеб гьаваялъулаб бергьенлъи гьес босана 1942 соналъул 31 маялда немцазул бомбардировщик «Юнкерс-88» кьвагьизабун. Ахириеб гьунар гьабуна Берлиналда тIад къоабилеб немцазул самолетги кьвагьизабун.

## Гьоболлъи-гьудуллъи щулалъиялъе

**Тадбиралда гIахьаллъаразе баркала кьуна районалъул бетIерас ва бихьизабуна гьабсагIаталда чара гьечIого гIумроялде бахъинабизе хIажатаб проект бугин гьеб,-абун.**

**Рохалилаб ахIвал-хIалалда цере ахIана Гъуниб, Дахадаев, Карабудахкент, Сергохъала ва Унсоколо районазул «къабул гьарулел» ва «цогидазухъе кьолел» лъимал. Гьел къабул гьарулел хъизаназе кьуна «Кодекс куначества» программа.**

**«День кунака» тадбиралда цоцазе кьуна ракIалде щвеялъул сайгъатал. Тадбир лъугIана гъунисезул гьайбатал махщелчагIазул концерталдалъун. Хадуб гIолилазул дискуссионнияб площадкаялда гьалбал цере рахъана «У кунака нет национальности»,- абураб темаялда.**

---

## Парахатаб гIумроялъе гIоло

Ахиралде щун гьел масъалаби тIуразаризе ккани чара гьечIого хIажат буго исполнительнияб власталъул органазулги бакIалъулаб самоуправлениялъулги, учреждуниязгун организацияз такъсирал гьукъиялъе, саназде рахинчIез гIадлу-низам хвезаби гьукъиялъе ва гьединго духовентсвалъги СМИязги цадахъ рекъон хIалтIиялъе программа хIадуризе,-ян абуна ахиралда районалъул полициялъул нач. М. Бияхъаевас.

Заседаниялда гьоркьор лъурал суалаздасан кIалъазе рахъана Генуб росдал администрациялъул бетIер А. МухIамадов, духовнияб управлениялъул вакил А. ГIабдурахIманов ва цогидалги.

Комиссиялъул заседаниялда кIалъазе рахъарал киназго кIвар буссинабуна терроризмалъул идеологиялъул ва радикалазул асаралде гъоркье ккарал гIадамазулгун профилактикияб хIалтIи гIуцIизе ккеялде, саназде рахинчIел лъимал террористазулгун экстремистазул хIаракатчилъиялъулъе цIазе риччангутIиялъе тадбирал гьа-ризе, динияб экстремизмалде данде идеологиялъулаб къеркьей гьабиялъул даража борхизабиялде. Гьелъие гIоло жигарлъизабизе хIажат буго культураялъул учреждениязул, лъай кьеялъул, херазул советазул, руччабазул советалъул хIалтIи. Гьеб мурадалда гьабулеб кинабго хIалтIуде гъорлъе ва тадбиразулъ гIахьал гьаризе хIажат руго диниял вакилзаби. Гьедин бихьизабуна районалъул АТКялъул члeназ, районалъул бетIерасул зам. С. АхIмадовас, районалъул Собраниялъул пред. К. Асадулаевас, районалъул имам Гъ. Абубакаровас, гIолилазул Советалъул пред. У. НурмухIамадовас.

Ахиралда АТКялъул пред. ГI. НурмухIамадовас абуна жив хIадур вугин районалда антитеррористическияб хIаракатчилъиялъул хIалтIи лъикIлъизабизелъун гьарулел лъикIал ишазул рахъ кквезе. Гьес тIадкъвана халкъазда гьоркьосел террористазул организациязулъе лъугьун яргъид гIуцIарал конфликтазулъе гIахьаллъи гьабизе гIорхъи бахун къватIире гIолохъанаб гIел биччангутIиялъе, халкъалда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул гьоркьоса къотIи гьечIеб хIалтIи гьабизе ккolинги бихьизабуна.

Байбихьулаб тарих, нужеда лъалеб бице:

# Иргьани шагьаралъул къиса

(Чол тIукъбуз ва цIадул мацIаз магIилъ къаламги ччун хъвараб къиса)

*<u>Республикаялда кколел хиса-басиязухъ балагьараб мехалда араб тIад буссунеб бугилан абураб асаралде гъоркье ккола. Хасал централ рагьун лъазабулеб буго нилъер умумазул тарих, гIумро-яшав, гьудуллъи-вацлъи цIунизе ахIулел руго. Гьединлъидал гьанжесеб райцентр Шамильхъала бугеб ракьалъул тарихги жакъасеб къойил темалъун буго. Гьединлъидал редакциялъ хIисаб гьабуна ГIабдурахIман ВухIамаевасул рукъалъул архивалдаса къокъ гьарун чанго бутIа лъуни бегьилилан.</u>*

*<u>Гьари буго гьаб темаялда хурхун нужеда лъалеб тарих батани «Ахихъан» редакциялде хъвайилан.</u>*

*РЕДКОЛЛЕГИЯ*

**Иргьани шагьасул умумаз Дагъистаналъул бакьулъиялда жидерго кIиабилеб ханлъи гIуцIи кида ккарабали лъазе захIмат буго. Дагъистаналъул тарихалъул ва цIехрехазул институталда ругел баяназда рекъон гьеб заманалда Хунзахъ ханлъи букIунго гьечIо. Гьелъ бицунеб буго гьаб къиса цебегосеб букIин, ай гIагашагарго нилъер гIасру байбихьилалде 7-8 векалъ, ай 7-8 век до нашей эры.**

Шагьасул умумал Рихьунире ккараб заманаялъ КушматIа ганчIил век букIана. ЦIех-рехаз чIезабун буго гьенир рукIарал гIадамаз лагълъи бакъуе, моцIрое, ганчIазе, цIадуе гьабулеб букIараблъи. Шагьасул умумаз гьениб гIуцIана жидерго ханлъи, бижун бачIана Иргьани шагьар. БахIли-гьадари абулеб бакIалдаса гьабахъ ва гIурул рагIалде бакI жанибе бачунеб букIун буго гьелъ. Дир кIудияй эбел ХIожол СалихIатица рицунаан гьенир рукIарал росабазул цIарал: 1. Иргьани, 2. Къудукь, 3. КIазина, 4. Каршаб, 5 ГIорцали, 6. ЦIцIуни, 7. МагIмиз, 8. ЛекIихъала-ансадерица гьелда рекIаразул мегъ,-ян абулаан, 9. Ярашхъала (ансадерица Ярашил гохI,-ян абулеб).

ДихIи ккола къвакIараб, кьаву чIвалареб, гвангъараб абулеб рагIи. ДихIи СалихIатил эмен ХIожо вукIана маххул къебед, меседгIарцул устар ва гучав чабхъадулав. Бицен рагIун батила Унсоколоса ХIожол ХIожо,-абун. Гьев вукIана СалихIатил эмен. Амма гьев вукIинчIо Унсоколоса. Гьев вукIана чIегIерав ХIожол вас Кубачиялдаса гьес ячарай гIаданалъе гьавурав. Иргьани шагьас жиндиего месед биине ремесленникал гIадин ккурал чагIи рукIун руго эменги васги. Нилъер кьурабалъ месед бугин абула, Иргьанил росабалъ цоцазе даран гьабулаго гьелда абулеб букIун буго дарги мацIалъ гъурущ абун. Гьеб гьабулеб букIун буго хасаб металл гьорлъ бугеб гамачI хъурун.

ХIожол ХIожол хIакъалъулъги дагьаб баян кьелин. Херав ХIожоца Кубачиялдаса ячун йиго ханзабазул тухум-кьибилалъул Уцумиясул яс Матебика. Гьеле гьелъ гьавурав вас ккола ХIожол ХIожоги. Матебикал хадусеб къисмат лъазе кIвечIо.

Шамильхъала балаго 12 ва 8 домал ругел бакIазда хIалтIулел рукIараз гьадин бицуна: Дун ккола Генуса Камилбегасул вас Шарапудин. 1982 соналда риидал дун хIалтIулев вукIана тIадехун рехсарал бакIазда эксковаторщиклъун. Ракь бухъун машинаби цIолаго дида гьенир ратана некIсиял гIумро-яшавалъул тIагIелгучI, цIа-рагI, рекарал щагIил хъуби, гьасито, бухIараб тIурччи-рохъо, бухIун багIарлъараб ракь. Гьединго батана гъоркь бокь, тIад рукъзал рукIараб гIадаб бакI. Гьеб батизе бегьула ХIожол ХIожол къебелъи букIараб бакI. Дида цадахъ хIалтIулев вукIана Леваши районалъул ХъахIабросулъа (Ахкент) Мирзаев МухIамадги. Дида бихьараб гьесдаги бихьана. Гьесги бицана гьеб бакIалда рукъзал рукIун ругин. Аби бугелъул чанго нухалъ рухIанин гьел росаби тIадекIанцIиязда,-абун. 16 векалъул ахиралдаги гьел анлъабилеб нухалъ рухIанин абула. Жеги абула ле,-ян абидал данде кIалъазе чи гьанив хутIун вукIинчIилан.

**(Хадусеб букIине буго).**

## Поздравление и.о.главы МО «Унцукульский район»

Уважаемые жители Унцукульского района! От имени всего коллектива МО «Унцукульский район», лично от себя сердечно поздравляю Вас с праздником – Днём народного единства! Этот день занимает особое место среди праздников современной России. Он учреждён в память о героических событиях отечественной истории, которые стали символом сплочённости людей ради спасения своей Родины. Сегодня важно сберечь бесценное наследие, завещанное нам предками, и, приумножив его своим трудом, обеспечить процветание родного края и всего Отечества.

Нас объединяет искреннее стремление принести пользу родному Отечеству. Это чувство придаёт энергии и настойчивости в решении самых сложных общенациональных задач. Сообща мы претворяем в жизнь проекты, которые долгие годы будут служить людям, изменят жизнь района, его жителей к лучшему, откроют новые перспективы развития. Только от нас с вами, от нашего единения зависит, в какой стране будут жить наши дети и внуки, насколько они будут понимать и поддерживать друг друга, сколько сил и знаний приложат для процветания родного района, республики, России.

Поздравляю ветеранов, которые на протяжении многих лет вносили свой огромный вклад в социально-экономическое развитие Унцукульского района! Поздравляю жителей района, которые сегодня работают и трудятся на его благо! Поздравляю молодежь, которая имеет счастливую возможность, накапливая знания, приобретая профессиональное мастерство, стать достойными гражданами!

Крепкого вам здоровья, уверенности в своих силах, счастья и благополучия! Новых трудовых свершений во имя единства и процветания нашей страны!

*С уважением и.о. главы МО «Унцукульский район»*
*Иса Магомедович Нурмагомедов.*

Ахихъан
Районалъул газета
№ 45 (7185)
6 ноябрь 2015 сон
3 гъумер

# Садовод

Страница в номере



## Выразил соболезнования родным и близким

***Глава МО «Унцукульский район» Иса Магомедович выразил соболезнования родным и близким погибшим в авиакастрофе самолёта «Когалымавиа» в Египте.***

«От имени всех жителей Унцукульского района и от себя лично выражаю глубочайшие соболезнования семьям, потерявшим своих родных и близких. Скорбим вместе с близкими погибших. Народ Унцукульского района скорбит вместе с вами, искренне сопереживая вашей утрате», «Пусть Всевышний дарует вам силу и крепость духа продолжать жить».

В связи с этим в районе отменены все развлекательные мероприятия.

## Поздравления



Уважаемый Гаджи Муслимович, Дорогой наш земляк! От имени коллектива администрации, жителей Унцукульского района и лично от себя поздравляю Вас с 70-летним юбилеем. Сегодня мы поздравляем с Днем рождения человека превосходных душевных качеств, человека, в большом, горячем сердце которого для каждого из нас нашлось место. Мы – земляки, друзья, близкие и сейчас, в эти волшебные праздничные мгновения, хотим пожелать виновнику торжества долгой, счастливой – благополучной жизни! Так же примите наши наилучшие пожелания, в числе которых долгая молодость и новые планы, увенчанные непременными победами! Где бы вы не находились, куда бы вас не забросила судьба, мы знаем, что Вы с любовью и нежностью вспоминаете родные края, что Вы не забываете свою малую родину. Знайте, что здесь вас всегда помнят, любят и ждут.

**С поздравлением и.о.главы МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

## Обсудили вопрос реализации земельной реформы



Глава Мингосимущества Дагестана обсудил с руководством Унцукульского района вопросы реализации земельной реформы. Состоялась встреча и. о.главы Унцукульского района Исы Нурмагомедова с министром по управлению государственным имуществом Дагестана Ханларом Пашабековым.

В ходе встречи был обсужден ход реализации мероприятий Программы земельной реформы. Министр сказал о необходимости активизировать работу по ряду направлений. В частности, по переоформлению права пожизненного наследуемого владения земельными участ-ками личных подсобных хозяйств гражданами на право собственности, проведению работ по разграничению земель муниципальной собственности и регистрации права на земельные участки за поселениями, а также переоформлению права постоянного бессрочного пользования земельными участками отгонного животноводства на право аренды. Ханлар Пашабеков также обозначил проблему по арендной плате.

«В процентном соотношении выполнение годового плана по разграничению земель муниципальной собственности, по данным на 1 октября текущего года, в Унцукульском районе составляет 54%. Это очень низкий показатель, по сравнению с другими районами», - отметил глава ведомства, при этом обратив внимание руководителя района на вопрос разграничения земель.

Всего в районе, по информации ведомства, осталось зарегистрировать еще 20 тыс. гектаров, на что потребуется немало времени. Вместе с тем Пашабеков отметил и позитивные стороны совместной работы. В частности, обозначена работа по уплате арендных платежей. Из 1,5 миллионов рублей долга аренды остались невыплаченными 400 тысяч рублей.

Иса Нурмагомедов в свою очередь пообещал оказать содействие по выплате остатка долга уже до конца этого года. Что касается переоформления права собственности на землю, то в Унцукульском районе осталось всего два хозяйства, которые в ближайшее время представят документы в Мингосимущество на перерегистрацию.

**Россельхознадзор по РД сообщает:**

## В Дагестане выявлен вирус: нодулярный дерматит

Управление Россельхознадзора по Республике Дагестан информирует о выявлении в сентябре 2015 года в Чеченской Республике и Республике Дагестан вирусной болезни – нодулярного дерматита среди поголовья крупного рогатого скота. Данное заболевание на территории Российской Федерации выявлено впервые.

Вирус нодулярного дерматита был выявлен в 2014 году в нескольких районах Республики Азербайджан. Данное заболевание широко распространено на территории стран Ближнего Востока.

По данным национальных ветеринарных служб в 2014 году заболевание крупного рогатого скота нодулярным дерматитом было выявлено в Турции – 230



очагов, Ливане – 32, Азербайджане – 16, Ираке – 16, Египте – 6, Иране – 6 очагов. В 2014 – 2015 годах болезнь была диагностирована на Кипре и Греции.

Клинические признаки. Нодулярный дерматит крупного рогатого скота протекает хронически. Инкубационный период от 3 до 13 дней. Болезнь начинается повышением температуры тела до 40 °C и выше; затем появляются водянистые истечения из глаз, вялость, отказ от корма, слюнотечение, скованная походка и прогрессирующее исхудание. На коже (чаще ног и живота) образуются бугорки с плоской поверхностью диаметром 0,5—0,7 см, высотой 0,5 см. У лактирующих коров поражённое вымя увеличено, в нём возникают узелки; молоко становится густым с розоватым оттенком, при нагревании образует гель. Данные о заболевании человека вирусом нодулярного дерматита отсутствуют.

Сложившаяся эпизоотическая ситуация по нодулярному дерматиту свидетельствует о том, что угроза заноса вируса этого заболевания на территорию Российской Федерации, Северо – Кавказского и Южного федеральных округов, а также его дальнейшее распространение по территории Российской Федерации крайне велика и может привести к серьёзным негативным социально-экономическим последствиям.

Учитывая вышеизложенное, высокую контагиозность заболевания и то, что факторами распространения нодулярного дерматита является миграция ди-ких животных (инфицированное поголовье, насекомые – переносчики), генетический материал, проведение ветеринарных обработок животных, влияющих на распространение и концентрацию насекомых – переносчиков, Управление Россельхознадзора рекомендует:

1. Не перевозить животных, продукты животного происхождения, корма и кормовые добавки без контроля со стороны государственных ветеринарных специалистов и без ветеринарных сопроводительных документов.

2. Убой животных осуществлять только после предубойного осмотра ветеринарным специалистом и на убойных предприятиях.

3. Использовать и реализовывать продукцию животного происхождения только после проведения ветеринарно-санитарной экспертизы и лабораторного заключения об их безопасности. Не приобретать животноводческую продукцию на стихийных рынках.

4. О фактах выявления падежа или массового заболевания животных незамедлительно сообщать в государственные органы ветеринарии Республики Дагестан.

Кроме того, Управление Россельхознадзора по РД обращает внимание граждан и юридических лиц, занятых животноводством, на необходимость соблюдения правил, направленных на недопущение заноса и распространения болезней и призывает сообщать в органы госветнадзора о появлении новых животных у соседей, на старых животноводческих фермах, а так же в других местах, где возможно их содержание и разведение.

# Поэзиялъул букIон

## Замана какуге

**Заманалда гIайиб бан**
**ГIадан къадарлъун вуго,**
**КъватIир-рокъор гьарулел**
**Квешлъаби цIикIкIун руго.**

**ЦIаруе чIвадаруге**
**ЧIухIдае цIогьодуге,**
**ЦIакъ квешаб заман бугин**
**Багьана чIван кIалъаге.**

**КIудиясул гIакълу-лъай**
**ГIадахъ босун, гIин тIаме,**
**ГIантал пишаби гьарун**
**Замана какун лъоге.**

**Дир гIакълo-пикруялда**
**Замана лъикIаб буго,**
**Заман какун кваналел**
**Кутул гIемерлъун руго.**

## Доб доба хутIана

**Доб мехалъ букIараб**
**Гьанже батичIеб**
**Балагьуге дихъа**
**ГьечIо гьеб гьанже.**
**Доб доба хутIана**
**Нухлул ахада,**
**ТIокIалъ тIад юссине**
**Рес гьечIеб бакIихъ.**

**Дица тел къабула**
**Хадуй кIалъала**
**Хехлъи гьабе хадуй**
**ГIунтIуларищан.**
**Гьелъ бетIер хьвагIула**
**Инкар гьабула,**
**Дурги дирги гьанже**
**Данде кколарин.**

## *Лъида батараб?*

Ригьда рии бачIуна
Хаслихълъи гIужда щола,
ГIажаиблъи, хирияв
Доб цо их бачIунаро.
Хасел кватIун кколаро
СагIат лъалхъун чIоларо,
Гьороца хъамун арал
Санал тIад руссунаро.
ГIужда кинабго щола

Щибго гьоркьоб толаро,
Щайзе доб ихдалил къо
Билун, бахчун тIагIараб?
Долда нилъиш къосарал
КъватI-рукъ хисунищ ккараб,
Хисун дир гIумру лъураб
Гьими лъида батараб?

**Суайбат ХIАМЗАТОВА.**

# *Аварияз чIваразде*

Рагъ гуреб, кьал гуреб, кьуру тIун гуреб
Машинаби цоцалъ речIчIун чIвалеб халкъ,
Къого соналдаса тIаде инчIезда
Асфальталъул нухда батулеб гIажал.
Мобильный телефон, килщида баргъич
Бищунго зурулеб, рекIун машина,
Волга, жигулидул хехлъи гIечIого
ГIарац гIемерлъиялъ рекIун мерседес.
Аллагьас хъвараб жо бихьилин къотIун
Къороллъулел лъудби, бесдаллъун лъимал,
Лъелго, хIама бачун уневги холин
Чара хварал ракIаз бачунеб далил.
Къадар Аллагьасул, алхIамдулиллагь
Элда дагIба бугев чи ватиларо,
Амма хъвараб гуреб бихьуларилан
ХьухьатIе кIанцIуге, квас-квасилан ккун.

Аллагьас цIунаги, балъгояб балагь
Нухда кколеб къадар, къватI бакьулъ гIажал,
Радал къватIив арав, молоца вачIун
ЧIегIер барай лъадул, бухIулеб керен.
Кверда пинкь бахъинчIел, пурцил гIоркь кквечIел
Лъималахъе кьоге босун права,
Гьокочигун цадахъ ругьунлъиялъе
Лъимал ритIулаан цере умумаз,
Нилъеда щугогIан лъалаан дозда
Аллагьас хъвачIеб жо бихьулареблъи.
Аллагьасеги хур рак бараб бокьи
Лъан, кIочон букIана дозул щивасда.
Шофер, асфальталда воржун унелъул
Эбел-инсул пикру гьабе мех-мехалъ,
Хириял лъималаз, хехго вачIа,-ян
Хадуб ахIараб куц, ккве гIинзукь даим!

# 80 сонил нух, дир районалъул

ХIуригат гIуцIулев, бахIарчи чIварав
ХIуриял МахIачил хIал цIилъиялъе,
Лъе тIугьдузул квацIи, эсул хабада
80 сон бугин, дур гIуцIиялъул.

БукIана къварилъи, рагъул щуго сон
Щибаб рокъоб чIварал васазухъ гIоди,
МугIрул чундул гIадал чалухал ясаз
Черхалда рорчарал хамил рачелал.

РукIана рохелал, ихдалил тIугьдул
ТIалил наял гIадин хIалтIулеб гIалам,
Заводалъул цехал, тIилазул артел,
МоцIалъ кIицIул кьолеб хIалтIулезе харж.

РукIана хIакимал, хIалтIи къиматал
Гьалмагъ, кин вугеван, духъе квер кьолел,
Гьиматил МухIамад, ГIабдурахIманов,
МагIарда гIухьбузухъ, ахикь, хурзабахъ.

Районалда лъабго завод букIана
Кибго улкаялъе компот битIулел,

Колхозал рукIана гьанир щулиял
Щибаб соналъ гьанал тоннаби кьолел.

Дахадаев колхоз, кибго цIар араб
Тоннабаз ниг1матал чвахизабураб,
ГIадло-тадбиралъул гIоркь кодоб ккурав
ГIусмановасул цIар лъида рагIичIеб?

Халкъалъул хIажатал тIубан херлъарай
РайПОялъул хIаким, АхIмадинова,
Росдал гIадлоялъул гIоркь кодоб ккурай
Бегавул Разият, дой маххул леди.

МахIач чIвананиги район цIунарал
ЦIа гIадал гIадамал, кIочене тоге,
Кидаго нуж нижгун рукIине ругин
МахIачида хьолбохъ, хъвай гьезул цIарал.

**Ж. ХАЛИДОВ.**
**Кизилюрт**

*Инхоса ГIалихIажияв гьавун - 170 сон*

# ГIакъилал жугьаби

**РагIи гьуин бицунесул, гьабулеб иш нухда уна,**
**Инсанасулъ хIеренасул, хIалтIул рахъи цIикIкIун ккола.**
* * *
**Бицараб тун, цоги ккурав, какун халкъалъ къватIив чIвала,**
**Къадарал жал камуларев, кинго ракIалъ восуларо.**
* * *
**Гурдида гурони черх бихьуларел**
**Чияр бугьтанакьа кьерун чIоларо,**
**ЧахтIида гурони гьал бихьичIелда,**
**Гьибаталъул агьлу инжитаб наслу.**
* * *
**Ургъел бигьалъула гIакълу данд бани**
**ГIалимавгун рекъон кьойихъ балагьун,**
**ГIумру бигьалъула гьабизе лъани**
**Лъай бугелгун ургъун, уяб ккунани.**
* * *
**Къинлъаралъул хIан кванай – камилаб,**
**ХIоралъул гьан кванай – кепалда.**
* * *
**ТIагIиналъул квен кунел, квешаб чехьалъул агьлу,**
**Хвезелъун тIад ретIунел, тIасан ккаразул наслу.**
* * *
**ХIалтIул рагIал тIерен ккурав, тIолго халкъалъ нахъе цулев,**
**ТIотIол рагIад биццат ккурав, какун гIалам гаргадулев.**
* * *
**АхIарав вачIунгеги, чIухIарав ватанани,**
**Лъутарав ворчIугеги вачIунарев вугони.**
* * *
**Бечелъи чидай кьеги, кьолеб гIелму мукъсанаб,**
**Чорхол сахлъи дий кьеги, даим гIумру талихIаб.**
* * *
**ГIагарлъи кьаллъун хадуб, кьолеб рокъоб хутIула,**
**Кьибилго тIурун чIани, тIаде кколеб дагьлъула.**
* * *
**Рокъоб мекъи квер бугев, кисанго цIакъ какула,**
**ЦIогьода гIумру арав, гIаданлъун рикIкIунаро.**
* * *
**Нужеца хIан кванай, хIанчIун гьан кванай,**
**ХIалтIичIев кваналеб кибго бакI гьечIин.**
* * *
**Найица гьоцIо тIола, тIулби кир лъунаниги,**
**ТIотIоца загьру кьола зодоб бусен лъуниги.**

# *«Эбелазе-щуйилал» тадбир*

2014-2015 цIалул соналъул бащдаб лъагIалида школалда тIоритIарал тадбиразул лъикIаллъун, пайда бугеллъун рикIкIине бегьула Рихьуни школалда -«Улбузе щуйила»,-абураб I-4 классазда ва 5-II классазда ноябрь моцIалда тIобитIараб конкурсги. Школалъул киналго классазда гьоркьобго гIадин, конкурс унеб букIана щибаб классалда ругел цIалдохъабазда гьоркьобги. Конкурсалъул хIасилал гьарулаго, гьелъие гIуцIун букIараб комиссиялъ гьадинал хIасилал гьаруна: тIоцебесеб бакI кьезе бищунго гIемерал балал росарай 9 «б» классалъул цIалдохъан Б. Дайзиевалъе, кIиабилеб бакI I0 «а» классалъул цIалдохъан Н. Шейховалъе, лъабабилеб бакI 6 «а» классалъул цIалдохъан П. ХIамзатовалъе ва А. Шейховалъе.

Классалда тIоцебесеб бакIалде рачIарал цIалдохъабазеги, тIадехун рехсарал бергьарал цIалдохъабазеги школалъул дирекциялъ Реццалъул грамотаби кьуна Н. Шейховалъул, Б. Дайзиевалъул, П. ХIамзатовалъул ва А. Шейховалъул эбел-инсухъе, гьединго рит1ана баркала кьун кагъталги. ТIоцебесеб бакI щварай П. Дайзиевалъе школалъул дирекциялъ гIарцулаб сайгъатги кьуна.

**ЛЪАЗАБИ**

**2011 соналда Унсоколо № 1 гьоркьохъеб школалъ ГIусманова ПатIимат МухIамадрасуловналъул цIаралда кьураб 05 АБ 0040422 бугеб г1аммаб лъай кьеялъул аттестат тIагIун буго.**
**Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна**

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Ответственный**
**Гусейн ГУСЕЙНОВ**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 5 . 11. 15 г. 16,10
фактически -17.10 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.